

## Bahasa Sunda

|               |   |                            |
|---------------|---|----------------------------|
| Nama          | : |                            |
| Kelas         | : | 2 KH Baedhowie             |
| Hari, tanggal | : | Senin, 17 Januari 2022     |
| Materi        | : | Kuring jeung sakola kuring |

**URAIAN MATERI**

Regepkeun paguneman di handap ieu jeung babaturan!

## Wawanohan

Lia teh enggal alihan ti Sukabumi. Dinten Senén Lia ngawitan lebet ka Sukamulya. Ka sakolana Lia disarengan ku Vera. Kaleresan Véra teh tatanggana Lia. Barang lebet ka kelas. Kasampak di kelas tos aya Anisa sareng Cika.

Véra : “Assalamu’alaikum, wilujeng énjing Anisa, Cika!”

Anisa/Cika : “Waalaikum salam, wilujeng enjing Véra!”

Cika : “Upami ieu saha?”

Anisa : “Sigana enggalnya ngalih ka dieu?”

Véra : “Anisa, Cika nepangkeun ieu the Lia, alihan ti Sukabumi. Kamari dinteun saptu ngalihna ka dieu teh!”

(Solongkrong Lia sasalaman ka Anisa sareng ka Cika)

Lia : “Nepangkeun abdi Lia!”

Anisa : “Nepangkeun abdi ge Anisa!”

Cika : “Upami abdi mah Cika. Naming sanes Cika-cika nya!”

(Barudak nu aya di dinya ngabarakatak seuri)

Lia : “Ah, Cika mah meni pinter ngabodor! Sareng resep deuih ku geulisna.”


Anisa/Véra : “Aduh énjing kénéh Cika mah tos kenging pujian!”


Anisa : “Di mana kitu bumi Lia?”

Lia : “Rorompok mah caket sareng Véra, di jalan Sukamaju.”

(Nuju anteng ngalobrol sareng wawanohan . . . bel tanda lebet ka kelas tos disada. Atuh barudak gé enggal bararis. Bari tingkuciwes nyarioskeun Lia “si Murid Anyar”)

**Cocogkeun ngaran jeung gambarna! Terus jieun kana kalimah!**





Ngaran-ngaranna:

- |            |               |           |
|------------|---------------|-----------|
| a. Sakola  | d. seragam    | g. korsi  |
| b. Dasi    | e. papan bor  | h. patlot |
| c. Bendera | f. buku tulis | i. sapatu |

Ayeuna sok jieun kalimahna dihandap ieu!